




Babezyoz

Kisa babezyoz ye?

Babezyoz se yon maladi ra, pafwa grav, ke yon parazit ki enfekte globil san wouj yo bay.

Kouman babezyoz simaye?

Babezyoz dabitid transmèt ba moun lè yon ti tik tou piti ki enfekte mòde yo (nan Massachusetts, se tik pat nwa a yo). Pi gwo risk pou maladi rive nan peryòd ant fen mwa Me ak Septanm, lè tik yo pi aktif. Tik la dwe kole sou yon moun epi ap manje pandan 36-48 èdtan anvan li ka pase mikwòb la ba yon moun.



Gwosè relatif yon tik pat nwa nan diferan etap yo

Ki moun ki pran babezyoz?

Menmsi nenpòt moun ka pran babezyoz, moun ki pase anpil tan deyò gen pi gwo risk pou yo gen kontak. Nou jwenn tik ki enfekte ak babezyoz pi souvan nan zòn bò lanmè, tankou Nantucket, Martha's Vineyard ak Cape Cod. Maladi a kapab pase tou nan pran san ki kontamine, de yon fanm ansent a pitit li, men ka sa a yo pa rive souvan.

Kisa sentòm pou babezyoz ye?

Pifò moun ki enfekte ak parazit la pral montre siy maladi ki lejè oubyen okenn siy ditou. Nan moun yo ki vin malad, sentòm pou babezyoz ka soti nan lejè pou rive nan grav epi ka dire plizyè jou oubyen semèn. Kèk nan siy ak sentòm yo se lafyèv, frison, mal tèt, kè plen, vomisman, doulè nan vant, fatig, pipi ki gen koulè fons, anemi, (yon kantite globil san wouj ki ba). Maladi a ka pi grav sitou nan granmoun ki aje yo, moun ki pa gen yon larat an sante, ki gen yon sistèm defans ki fèb, oubyen ki gen lòt pwoblèm maladi. Li posib pou moun pran babezyoz ak lòt maladi tik yo bay (tankou maladi Tik/Lyme) yon sèl kou nan yon sèl mòde tik.

Ki pi bonè sentòm yo parèt?

Dabitid sentòm yo kòmanse nan 1 a 6 semèn apre yon tik fin mòde.

Èske yon moun ka gen babezyoz pli pase yon fwa?

Yo pa konnen si yon moun ki te enfekte deja ak babezyoz ka genyen li ankò.

Kontinye

Ki tretman ki genyen pou babezyoz?

Menm lè anpil moun pa vin malad ak babezyoz ase pou merite tretman, genyen medikaman ki efikas nan trete maladi a.

Kisa moun ka fè pou anpeche babezyoz?

Pou anpeche babezyoz ak lòt enfeksyon tik yo bay, pi bon pwoteksyon an se evite kontak ak tik yo. Lè ou ap travay oubyen jwe deyò nan zòn kote ki gen tik (sitou zèb ki wo, move zèb, pye bwa ak fèy) ou dwe:

- Mete rad ki gen koulè pal (pou nou ka wè tik yo pi fasil), chemiz manch long ak pantalon long.
- Kreye yon “barikad pou tik” nan foure pantalon andedan chosèt epi chemiz andedan pantalon.
- Panse sèvi ak pwodui pou pouse ensèk, tankou sa ki gen 20 a 30% DEET oubyen 0.5% permethrin lè ou ap planifye pou rete deyò. Si ou itilize pwodui sa a yo, swiv tout enstriksyon yo ki sou etikèt la. Lè ou retounen andedan kay la, lave po ki trete a ak savon ak dlo tyèd.
- Genyen lòt pwodui pou pouse ensèk ke EPA apwouve pou tik yo. Pou plis enfòmasyon, ale nan: <http://www2.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you>
- Tcheke rad ansanm ak po ak anpil prekosyon (sitou jarèt, kwis, bra, anba bra, janm ak po tèt) apre nou te deyò nan zòn ki enfekte ak tik. Si nou jwenn tik, retire yo byen vit ak yon pens ki gen pwent fen. Pou retire tik la, pran li tou pre po a tan ou kapab epi rale li tou dwat ak yon presyon solid. Yon fwa ou fin retire tik la, dezenfekte kote a ak alkòl.
- Pale ak veterinè ou sou pi bon fason pou pwoteje bèt konpay ou kont tik yo .

